**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–03.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन काल्हि एक दिवसीय बिहार दौरा पर आबि रहल छथि। श्री राधाकृष्णन मोतिहारी स्थित महात्मा गांधी केन्द्रीय विश्वविद्यालयक तेसर दीक्षांत समारोह मे सम्मिलित हेताह। विश्वविद्यालय के कुलपति संजय श्रीवास्तव जनौलनि जे उपराष्ट्रपति दीक्षांत भाषण देताह आ छात्र लोकनिक मध्य उपाधि तथा डिग्री के वितरण करताह। मोतिहारी के बाद उपराष्ट्रपति पश्चिम चंपारण के गौनाहा प्रखंडक भितिहरवा गांधी आश्रम मे जयताह। श्री राधाकृष्णन राष्ट्रपिता के श्रद्धांजलि अर्पित करताह। जिलाधिकारी तरनजोत सिंह जनौलनि जे उपराष्ट्रपति के आगमन के लऽकऽ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि।

---

केन्द्र सरकार राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ सँ एलपीजी आ आन पेट्रोलियम उत्पाद सभक जमाखोरी आ कालाबजारी रोकबाक लेल आवश्यक कार्रवाई करबाक निर्देश देलक अछि। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक सचिव डॉक्टर नीरज मित्तल एहि संबंध मे राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ के पत्र लिखलनि अछि। पत्र मे राज्य सभ के जमाखोरी, हेराफेरी आ भ्रम पसारऽबला मिथ्या संवाद के प्रसार पर कड़गर निगरानी राखबाक सेहो सलाह देल गेल अछि। मंत्रालय कहलक जे सभ रिफाईनरी उच्च क्षमता पर काज कऽ रहल अछि, कच्चा तेलक पर्याप्त भंडार अछि आ पेट्रोल तथा डीजल के पर्याप्त स्टॉक राखल अछि।

---

शिक्षा मंत्रालय विश्वविद्यालय अनुदान आयोग– यूजीसी के सलाह पर राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान आ प्रशिक्षण परिषद– एन.सी.ई.आर.टी के एक अलग श्रेणी के अंतर्गत मानित विश्वविद्यालय घोषित कयलक अछि। मंत्रालय कहलक जे एहि संबंध मे यूजीसी पोर्टल पर ऑनलाईन आवेदन कयल गेल छल। एकर बाद यूजीसी विशेषज्ञ समिति के अनुशंसा पर विचार कयल गेल आ एन.सी.ई.आर.टी के मानित विश्वविद्यालयक दर्जा देल गेल। मंत्रालय एन.सी.ई.आर.टी के अनुसंधान कार्यक्रम आ डॉक्टरेट तथा नवाचारी शैक्षणिक कार्यक्रम शुरू करबाक सेहो निर्देश देलक अछि।

———————————————————————————

पूर्वी चंपरण जिलाक तुरकौलिया आ रघुनाथपुर थाना क्षेत्र मे कथित रूप सँ विषैला शराब पीबा सँ चारि गोटे के मृत्यु भऽ गेल। छओ गोटे के एखन इलाज चलि रहल अछि। जखनकि सात आन गोटा के इलाजक बाद छुट्टी दऽ देल गेल अछि। चंपारण प्रक्षेत्रक पुलिस उपमहानिरीक्षक हरकिशोर राय शराब पीबा सँ मृत्यु के पुष्टि कयलनि अछि। ओ जनौलनि जे एहि मामिला मे मुख्य आरोपी सहित सात गोटे के गिरफ्तारी भऽ चुकल अछि। संगहि परसौना पंचायतक चौकीदार के सेहो हिरासत मे लेल गेल अछि। एम्हर, पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात जनौलनि जे कर्तव्यहीनता के आरोप मे तुरकौलिया थानाध्यक्ष उमाशंकर मांझी के तत्काल प्रभाव सँ निलंबित कऽ देल गेल अछि। ओ जनौलनि जे मामिलाक जांचक लेल सदर एस.डी.पी.ओ के नेतृत्व मे एसआईटी के गठन कयल गेल अछि।

———————————————————————————

विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव पूर्वी चंपारण जिला मे विषैला शराब पीबा के कारण चारि गोटे के भेल मृत्यु पर दुख व्यक्त कयलनि अछि। ओ कहलनि जे ई घटना एनडीए सरकारक शराबबंदी कानूनक विफलता के उजागर करैत अछि। एहि मध्य केन्द्रीय मंत्री जीतन राम मांझी एहि हादसा पर चिंता व्यक्त करैत कहलनि जे राज्य मे शराबबंदी कानूनक सही ढंग सँ पालन नहि भऽ रहल अछि। केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान सेहो शराब पीबा सँ भेल मृत्यु पर दुख प्रकट करैत कहलनि जे बिहार मे शराबबंदी के नाम पर अवैध करोबार फलि–फूल रहल अछि।

———————————————————————————

आइ गुड फ्राइडे अछि। प्रभु ईसा मसीह के सलीब पर चढ़ाओल जयबाक स्मरण मे ई दिवस मनाओल जायत अछि। आजुक दिन प्रभु यीशु मानवता के पाप सँ मुक्ति दियेबाक लेल अपन जीवन के बलिदान कयने छलाह। गुड फ्राइडे पर राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे हमरा लोकनि के ईसा मसीह द्वारा देल गेल जीवन मूल्य सँ प्रेरणा लेबाक चाही। एम्हर एहि अवसर पर राजधानी पटना सहित पूरा प्रदेशक गिरिजाघर मे विशेष प्रार्थना सभा के आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

निगरानी जांच ब्यूरो के टीम बेगूसराय जिलाक मंसूरचक के प्रखंड आपूर्ति पदाधिकारी शैलेन्द्र कुमार आ डीलर विद्यासागर के बारह हजार टाका घूस लैत गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार दुनू आरोपी शिकायतकर्ता सँ पीडीएस लाईसेंस के नवीकरण आ अनाज उठाव के लेल घूस लऽ रहल छलाह।

---

सहरसा के वनगांव थाना क्षेत्र अंतर्गत सरारी टोला मे एक अनियंत्रित ट्रैक्टर के चपेट मे अयला सँ साईकिल आ मोटरसाकिल सवार तीन गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि।

दरभंगा शहरक गांधी चौक लऽग स्थित आभूषणक दोकान सँ अपराधी सभ लाखों टाकाक मूल्यक आभूषण आ नगद लूटि लेलक। पुलिस जनौलक जे चारि अपराधी हथियारक बल पर ई घटना के अंजाम देलक। सीसीटीवी फोटेजक आधार पर अपराधी सभक गिरफ्तारी के लेल छापामारी कयल जा रहल अछि।

मुंगेर जिलाक हमजापुर थाना क्षेत्र अंतर्गत लगमा बहियार मे शॉर्ट सर्किट के कारण आगि लगि गेला सँ दस बीघा खेत लागल गहूंमक फसलि जरि कऽ नष्ट भऽ गेल।

पटना हवाई अड्डा पर सुरक्षा जांचक दरमियान एक व्यक्ति के तीन कारतूस के संग हिरासत मे लेल गेल अछि।

---

समाप्त